



Èd Legal

Pèsonèl tribunal la pa gen otorizayon pou yo bay konsèy legal. Si w bezwen èd legal nan dosye w la, ou ka pran yon avoka.

Epitou, ou ka ale sou sit entènèt tribunal la ki gen yon paj ki rele "Gid & Èd Legal" ki gen enfòmasyon sou fason w ka jwenn èd legal. Gen kèk sèvis ki gratis oswa ki pa twò chè pou mounkipa gen gwo mwayen. Ale sou www.courts.maine.gov pou plis enfòmasyon.



Pou w aprann plis, ale sou
www.courts.maine.gov

REKIPERE LAJAN APRÈ YON DESIZYON TRIBINAL LA



Sèvis Jiridik nan Maine
Biwo Administratif Tribunal yo

Si jijman tribinal la fè nan Ti Plent ou an oswa dosye sivil ou a gen lajan yo dwe w ladan l, ou gen dwa pou w rekipere lajan sa. Si yo pa peye w lajan yo dwe w la, ou ka oblige rele lòt pati a devan tribinal la pou w fòse l peye w. Yo rele aktivite sa a nan tribinal la yon "odyans sansibilizasyon."

Nan odyans sansibilizasyon an, ou menm ak moun ki dwe w la ("debitè" a) ap evalye lajan ak byen debitè a pou w wè konbyen l ka peye. Epitou, ou menm ak debitè a ka fè yon plan pèman nan moman odyans sansibilizasyon an.

Etap pou Demare yon Dosye sansibilizasyon

1. Ranpli fòmilè tribinal la.
2. Asire w debitè a jwenn fòmilè yo. ("Konvoke" l.)
3. Depoze fòmilè yo nan Tribunal Distri a, avèk prèv ki montre w te "konvoke" debitè a sa.
4. Ale nan tribinal la jou odyans lan.

1. Ranpli fòmilè tribinal

Pou jijman konsènan ti plent yo - Ou dwe tann trant (30) jou aprè jijman nan dosye Ti Pwosè w la anvan w mande tribinal la yon odyans sansibilizasyon.

- Mande yon fòmilè "Avi Odyans sansibilizasyon nan Ti Jijman yo," nan men grefye tribinal la k ap met dat odyans lan ladan l epi k ap siyen l. Yo mande yon ti frè pou fòmilè sa a.

Jijman nan dosye Sivil – Si jijman tribinal la fè nan yon dosye sivil gen lajan yo dwe w ladan l, w ap bezwen yon "Otorizasyon pou sansibilizasyon." Fòmilè sa a ap fè debitè a konnen li dwe prezante nan yon dat ak yon lè yo fikse. Ou dwe pran fòmilè sa a nan men yon grefye, li dwe siyen l, epi grefye a dwe ba w yon dat pou w met nan fòmilè a anvan w konvoke debitè a.
Yo mande yon ti frè pou fòmilè sa a.

Dokiman – toulede fòmilè yo gen yon kote pou w fè lis tout dokiman debitè a dwe pote nan odyans lan pou ede l kalkile konbyen l gen pou l peye. Relve bankè ak deklarasyon taks se kèk egzanp.

Lè w fin ranpli fòmilè a, fè de (2) kopi ladan l. Kenbe yon (1) kopi pou tèt ou.

2. Konvoke debitè a

"Konvokasyon" se bay debite a yon avi ki fe l konnen ou rele l lajistik pou w ka rekipere lajan w lan. Jeneralman, se Cherif la ki bay sèvis la. Kontakte biwo Cherif nan zòn ou an pou w jwenn sèvis.

Pou sansibilizasyon sou yon ti plent ou dwe konvoke lòt pati a pou pi piti sèt (7) jou anvan dat odyans sansibilizasyon an. Pou yon frè anplis, ou ka mande grefye a pou l eseye konvoke lòt pati a. Si w bezwen èd, mande grefye a.

Pou sansibilizasyon sivil, ou dwe konvoke debitè a pou pi piti dis (10) jou anvan dat odyans sansibilizasyon an.

Gen lòt fason pou w konvoke lòt pati a. Pou plis enfòmasyon sou lòt opsyon sèvis yo, tanpri, gade bwochi "Sèvis" la.

Cherif la ap voye yon dokiman tounen ba ou pou montre w yo te konvoke lòt pati a. Kenbe dokiman sa a pou w bay tribinal la lè w ap depoze dokiman yo.



3. Depoze Dokiman yo nan Tribunal la

Pote nan tribinal la epi depoze fòmilè konvokasyon an (kit se yon Avi sansibilizasyon Ti Plent yo oswa yon Otorizasyon pou sansibilizasyon) ak dokiman konvokasyon ou pran nan men Cherif la. W ap bay yon ti frè depo le pote fòmilié a nan tribinal la.

4. Al nan Tribunal la

W ap gen yon odyans nan dat tribinal la ba ou a. Nan odyans sa a, ni ou menm ni moun ki dwe w lajan an ap gen pou yo pale ak yon jij. Ale nan odyans sa a. Si w pa ale, tribinal la ka pran desizyon san patisipasyon w.